

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV, hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Brain Writing* kagolong can mampuh kalayan rata-rata peunteunna nyaéta (43,2) tina KKM 65, hartina masih di handap KKM. Tina 30 siswa can aya nu ngahontal KKM. Ieu hal dumasar kana skor kana aspék nulis wawangsalan nyaéta éjahan, pilihan kecap, guru wilangan, karapihan tulisan, jeung hubungan eusi jeung judul wangsalsal. Kamampuh nulis wawangsalan dina aspék éjahan kurang rata-rata skorna (2,1) tina skor maksimumna (5), dina aspék pilihan kecap kagolong kurang rata-rata skorna (2,03) tina skor maksimumna (5), dina aspék guru wilangan kagolong kurang rata-rata skorna (2,3) tina skor maksimumna (5), dina aspék karapihan tulisan kagolong kurang rata-rata skorna (2,3) tina skor maksimumna (5), sarta dina aspék hubungan eusi jeung judul wangsalsal kagolong kurang rata-rata skorna (2,1) tina skor maksimumna (5).
- 2) Kamampuh nulis wawangsalan sabada ngagunakeun modél *Brain Writing* kagolong mampuh kalayan rata-rata peunteunna nyaéta (76) tina KKM 65, hartina geus leuwih ti KKM. Tina 30 siswa sadayana geus ngahontal KKM. Ieu hal dumasar kana skor kana aspék nulis wawangsalan nyaéta éjahan, pilihan kecap, guru wilangan, karapihan tulisan, jeung hubungan eusi jeung judul wangsalsal. Kamampuh nulis wawangsalan dina aspék éjahan kagolong hadé rata-rata skorna (3,8) tina skor maksimumna (5), dina aspék pilihan kecap kagolong hadé rata-rata skorna (3,7) tina skor maksimumna (5), dina aspék guru wilangan kagolong hade rata-rata skorna (3,8) tina skor maksimumna (5), dina aspék karapihan tulisan kagolong hadé rata-rata skorna (3,8) tina skor maksimumna (5), sarta dina aspék hubungan eusi jeung judul wangsalsal kagolong hadé rata-rata skorna (3,9) tina skor maksimumna (5).

Katitén yén dina lima aspék sadayana ngaronjat, dina aspék eusi anu paling ngaronjat ti (2,1) ka (3,9) anu skor maksimumna (5).

- 3) Béda signifikan atawa henteuna antara hasil *pre-test* jeung *post-test* antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Brain Writing*. Dumasar hasil *pre-test* kamampuh nulis wawangsalan siswa kagolong can mampuh (43,2). Sedengkeun dumasar hasil *post-test* kamampuh nulis wawangsalan siswa kagolong mampuh (76). Dumasar hasil uji statistik nilai signifikansi (Sig. 2-tailed) nya éta ($0,000 < 0,05$) atawa kurang ti 0,05. Ku kituna, H_1 ditarima sarta H_0 ditolak. Hartina aya béda nu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test*. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Brain Writing*.
- 4) Ningkatna kamampuh nulis wawangsalan sabada dilarapkeun model *Brain Writing* kagolong ningkat, tina kurang jadi hadé. katitén tina rata-rata peunteun saméméhna 34,2 ningkat jadi (76) tina KKM 65. Dumasar kana skor kana aspék nulis wawangsalan nyaéta éjahan, pilihan kecap, guru wilangan, karapihan tulisan, jeung hubungan eusi jeung judul wangsalsal. Kamampuh nulis wawangsalan dina aspék éjahan kagolong tina kurang (2,03) jadi hadé (3,8) tina skor maksimumna (5), dina aspék pilihan kecap kagolong kurang (2,3) jadi hadé (3,7) tina skor maksimumna (5), dina aspék guru wilangan kagolong kurang (2,3) ningkat jadi hade (3,8) tina skor maksimumna (5), dina aspék karapihan tulisan kagolong kurang (2,3) ningkat jadi hadé (3,8) tina skor maksimumna (5), sarta dina aspék hubungan eusi jeung judul wangsalsal kagolong kurang (2,1) ningkat jadi hadé (3,9) tina skor maksimumna (5). Tina sakabéh hasil *pre-test* jeung *post-test* tina 30 siswa, aspék anu paling ngaronjat nyaéta aspék hubungan eusi jeung judul wangsalsal kalayan rata-rata tina 2,1 ningkat jadi 3,9. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén aya ningkatna antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2018/2019 sabada ngagunakeun modél *Brain Writing*.

5.2 Implikasi

Modél *Brain Writing* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan. Larapna modél pangajaran *Brain Writing* miboga implikasi yén ieu modél pangajaran téh bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna ieu modél ngirut jeung dipikaresep. Ieu modél ogé bisa ngahasilkeun ide-ide leuwih loba tibatan kucara méré sawangan saperti kelompok tradisional, numuwuhkeun daya kréativitas siswa, ngadorong anggota-anggota anu cicingeun jeung kurang percaya diri dina méré sawangan dina jero kelompok.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan modél *Brain Writing* dina nulis wawangsalan, aya sababaraha rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta ieu di handap.

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan yén modél *Brain Writing* bisa dijadikeun alternatif ku guru hususna dina pangajaran nulis wawangsalan umumna dina pangajaran basa Sunda.
- 2) Ieu panalungtikan ngagunakeun metode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan ieu modél ku ambahan anu leuwih lega nyaéta ngagunakeun metode ékspérimén murni.

Keur panalungtik satuluyna, dipiharep bisa leuwih asak tur hadé dina nataharken panalungtikan.